



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SAL ATIZAY ESPEKTAK AK DIVÈTISMAN YO KAPAB RE-OUVRI NAN 33 POUAN KAPASITE YO APATI JODI A

Sal yo pral kapab akeyi jiska 100 moun anndan oswa jiska 200 moun deyò; avèk tès oswa vaksinasyon, jiska 150 moun anndan ak jiska 500 moun deyò

Distans sosyal, pwoteksyon figi ak pwotokòl estrik sante yo obligatwa

Kat Excelsior la disponib kounye a pou Nouyòkè yo montre prèv vaksinasyon oswa tès COVID-19 negatif ki resan pou patisipe nan sal yo; Nouyòkè ki enterese yo kapab itilize Kat Excelsior ak aprann plis [isit la](#); Biznis ki enterese yo kapab aprann plis [isit la](#)

Nouvo gid Eta a disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sal atizay espektak ak divètisman yo kapab re-ouvri nan 33 pouan kapasite apati jodi a. Sal yo kapab akeyi jiska 100 moun anndan oswa jiska 200 moun deyò. Si tout patisipan yo prezante prèv vaksinasyon ki fèt oswa tès negatif ki resan anvan yo antre, kapasite a ka ogmante jiska 150 moun anndan an oswa jiska 500 moun deyò. Distans sosyal, pwoteksyon figi, depistaj sante ak lòt pwotokòl sante ap obligatwa pou tout patisipan yo, ansanm ak respè estrik pou tout oryantasyon Depatman Sante ki aplikab yo, ki disponib [isit la](#).

"Sal atistik ak divètisman New York yo te frappe anpil akòz oryantasyon sante piblik nou te aplike pou ralanti pwopagasyon COVID-19 la, epi apre yon peryòd ki long ak difisil, mwen kontan wè yo re-ouvri pòt yo pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Patisipan yo pral bezwen swiv oryantasyon estrik yo pou kenbe tèt yo ak lòt moun yo an sekirite, men yo pral kounye a kapab gade pèfòmans klas mondyal yo ak patisipe nan bèl sèn atistik ak kilitrèl eta nou an yon lòt fwa ankò. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo fè tès anvan yo patisipe nan evènman yo epi pou itilize Kat Excelsior pou montre nan sal yo ke yo te vaksinen oswa teste anvan yo antre nan espas moun ap pèfòme yo."

Nan dat 26 mas, Gouvènè Cuomo [te anonse lansman Kat Excelsior \(Excelsior Pass\) la](#) - yon platfòm gratis yon fason volontè ke yo devlope an patenarya ak IBM, ki itilize teknoloji ki fè prèv yo epi ki sekirize pou konfime dènye rezilta negatif PCR oswa rezilta tès antijèn yon moun oswa prèv vaksinasyon pou ede akselere re-ouvèti biznis ak sit evènman yo an akò avèk direktiv Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta

New York la. Menm jan ak yon kat anbakman, moun yo ap kapab swa enprime kat yo oswa konsève li sou telefòn yo lè yo itilize Wallet app (Aplikasyon bous) Kat Excelsior a. Chak Kat pral gen yon kòd QR ki sekirize, ke biznis ak sit k ap patisipe yo ka eskane lè yo sèvi avèk yon aplikasyon ki akonpaye li pou verifye prèv rezilta tès negatif COVID-19 oswa prèv vaksinasyon an. Yo kenbe done yon moun an sekirite epi konfidansyèl toutan.

Nouyòkè ki enterese yo ka patisipe lè yo sèvi ak Kat Excelsior a epi aprann plis isit la [isit la](#); biznis ki enterese yo ka patisipe epi aprann plis [isit la](#).

Nan dat 20 fevriye, Gouvènè Cuomo te anonse [lansman NY PospUp](#), yon gwo festival san presedan ki ap prezante plizyè santèn pèfòmans tanporè ki pral revitalize lespri Nouyòkè yo avèk pèfòmans an dirèk yo epi li pral relanse endistri amizman an dirèk Eta a. Pandan dewoulman festival la, NY PopsUp pral devlope dimansyon, volim pèfòmans, ak anprent jewografik li yo. Swiv @NYPopsUp sou [Twitter](#) ak [Instagram](#) pou mizajou. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)